

## AN REZIME

S.E. Msgr. DiMarzio souvan refere a vese Labib sa: "Ale pi fon". Pandan n-ap pare demen Legliz Brooklyn ak Queens, sa mande pou tout pawasyen yo "ale pi fon »

**Apre ou fin li let pastoral la, kisa ou we ki pi gwo defi-a ? Ki laperez ou prekosyon li mete lakay-ou ? Ki espwa li leve nan ou ?**

## DEFINISYONS

Pawas ou Lekol ki ka viv : Yon pawas ou lekol ki gen ase manm, lidechip ak resous pou reyalize bi eklezyal egsistans li

## CONTACT POUR INFORMATION

Office of the Vicar General 718-399-5995

Vicar General for Temporalities and Administration 718-965-7300 Ext. 1552

Office of the Superintendent for Catholic School Support Services 718-965-7300 Ext. 1235

Diaconate Formation Office 718-281-9577 Office of Faith Formation 718-281-9581

Office of Liturgy 718-281-9612

Pastoral Institute 718-229-8001 Ext. 350

Office of Pastoral Planning 718-229-8001 Ext. 736

Vocation Office 718-399-5950

Kolaborasyon : yon pwosesis kominikasyon ak aksyon kooperatif nan mitan Pep Bondye-a. Nan koze rekonfigirasyon, kolaborasyon enkli yon pwosesis dyalog kontini and lide lokal, kleste, ak dyosez la sou nati, gwose, ak rezilta posib fizyon pawas ak lekòl..

Planifikasyon Estratejik : Yon pwosesis planifikasyon pou tout dyosez la ki fet pou kreye yon wout ouve, transparan ak lojik ki va ede chak pawas ak lekòl jwenn lavi ak nanm..

DSPC-Diocesan Strategic Planning Committee: Nouvo komite sava ranplase ansyen "Diocesan Reconfiguration Committee".

FIRST CLASS: Sistem dyosezen kominikasyon elektronik si ak »e-mail » ; ya konnen-l tou tankou DIONET

DPC: Konsey Pastoral Dyosezen se komite prime konsiltasyon layik Evèk la

Kleste; Yon gwoup pawas vwazen kreye ak bi pou sevi ak ranfose misyon pastoral pawas ak lekòl manm li yo Konsey

Presbiteral: Konsey Presbiteral la se yon komite konsiltasyon ki gen pe ladan li ki rankontre ak Evèk la sou yon baz regilye

Ekip Resous Ministe: Ekip ki gen pesonel dyosezen ak lot ekspè nan ministe pastoral ki va disponib pou travay ak pawas ou kleste pou reyalize bi espesifik misyon pastoral yo

Cluster: Un groupe de paroisses voisines créé avec le but de server et fortifier la mission pastorale de ses paroisses et écoles members.

Conseil Presbytéral: Le Conseil Presbytéral est un comité de consultation compose de prêtres qui rencontrent l'Evêque sur une base bbaase èè

## ***"Do Not Be Afraid" - A Pastoral Vision for the New Evangelization*** Pastoral Letter of the Most Rev. Nicholas DiMarzio, Ph.D., D.D.

*Le Pastoral S.E. Monseyè Nicholas Di Marzio, Ph.D., D.D..*

### Gid Etid(Kreyòl)

#### Entrodiksyon:

Lèt pastoral Evèk DiMarzio : « Do not Be Afraid »- A Pastoral Vision for the New Evangelization » reflechi sou yon « revitalizasyon relasyon pèsònèl nou ak Kris la." Nouvèl Evanjelizasyon, tankou evanjelizasyon nan tan pase, dwe yon pwoklamasyon klè Jezi Kri se sèl Sovè e Li ofri jan inik pou limanite sove

#### Gid Etid va :

- Konsantre sou vizyon Evèk la pou vyabilite ak vitalite pawas la, lekòl la ak klèstè-a
- Souliye enpòtans Nouvèl Evanjelizasyon ak enpak li sou lavi pawas la, lekòl la ak klèstè-a

#### Anvan W itilize Gid Etid la:

- Familyarize tèt w ak dokiman : »Do not Be Afraid"- A Pastoral Vision for the New Evangelisation.
- Lè la disponib, revwa Rezime Egzekitif-la.

#### Bi Gid Etid sa:

- Ede nan konpreyansyon prensip kle "Do not Be Afraid"-A Pastoral Vision for the New Evangelization.
- Pèmèt kominote fidèl yo mete an plas priyorite ki endike nan lèt pastoral la.
- Assiste nan konpreyansyon prensip lèt pastoral la.
- Aplike sa ki ekri-a a lavi kominote pawas la, lekòl la ak klèstè-a .
- Idantifye divès wòl endividi pral genyen nan reyalize priyorite endike yo.
- Bay yon enstriman diskisyon pou pawas yo, lekòl yo, klèstè yo ak ajans Dyosezèn yo.
- Bay direksyon pou developman pi devan pawas yo, lekòl yo ak klèstè yo.

- Konprann pi byen **Nouvèl Evanjelizasyon Legliz Katolik nan Dyosèz Brooklyn.**

PATI I : DEFI REVITALIZASYON	Réfèrans à Let Pastoral la
<p><b>A. REVITALIZASYON PESONEL AK KONVESYON</b></p>	
<p>Sa « revitalizasyon pesonel » vle di pou ou ?</p>	<p>KALITE NECESE POU KONVESYON PESONEL</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Akeyi Granmèt la</li> <li>2. Fè Granmèt la konfyans</li> <li>3. Rekonèt peche nou yo</li> <li>4. Pèseverans</li> </ol>
<p>Let pastoral la dekri kat kalite debaz ki nesese pou konvesyon pesonel. Kiles nan kalite sa mande plis refleksyon ak aksyon ?</p>	
<p><b>B. REVITALIZASYON PAWAS LA</b></p>	
<p>Let pastoral la dekri set kalite ki make lavi pawas ki gen lavi e k-p grandi. Ki karakteristik ou santi bezwen plis atansyon nan pawas ou ? Ki aksyon pawas la ta ka pran pou devlope kalite sa ?</p>	<p>KARAKTERISTK VITALITE PAWAS</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Sant adorasyon ak lapriye ki gen nanm</li> <li>2. Kote ki gen akèy</li> <li>3. Sant fomasyon kontini lafwa</li> <li>4. Sèvis kreyen ak mache chache</li> <li>5. Bon jerans</li> <li>6. Lidèchip pastoral</li> <li>7. Renouvo pa espri evanjelizasyon</li> </ol>
<p>Eske gen lot kalite ki ta pou ajoute nan lis la ? Kiles yo ye ?</p>	
<p>Kijan ou konprann diferans ant yon pawas ki kapab viva k yon pawas ki gen nanm?(we Definisyon0</p>	
<p><b>C. REVITALIZASYON "EDIKASYON KATHOLIK "</b></p>	
<p>Premye pati seksyon sa gen yon lis senk kalite esansyel ki ka sevi krite pou evalye ekselans lekol Katolik..</p>	<p>KRITE POU EVALYE EKSELANS LEKOL KATHOLIK</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. lidantite Katolik</li> <li>2. Ekselans Akadèmik</li> <li>3. Gouvènans apropriye</li> <li>4. Stabiltite finans ak anrolmant</li> <li>5. Planifikasyon estratèjik</li> </ol>
<p>Ki sa ou panse <u>tout pawasyen</u> ta ka fe pou pouse ak sipote lekol Katolik nan Dyosèz nou ?</p>	
<p>Ki sa kominote lekol la ka fe pou sipote lavi pawas la ?</p>	
<p>Aprè ou fin li deskripsyon chak kalite ki kesyon ou genyen sou revitalizasyon edikasyon Katolik ?</p>	<p>ESTRATEJI POU REVITALISE FOMASYON LAFWA</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Direktè Edikasyon Relijyez ak lidè katèchise konpetan</li> <li>2. Pwosesis RCIA efikas</li> <li>3. Pwogram konpreyansif pou tout group laj</li> </ol>
<p>Dezyèm pati seksyon pale sou fomasyon kontini lafwa pou tout manm pawas la – ti-moun, adolesan ak adilt. Ki rekonmandasyon ou ta fe pawas ou pou pouse estrateji Evèk DiMarzio endike ?</p>	
<p>Ki sa ki nannan edikasyon Katolik nan lavi pawas la ?</p>	<p>FASON POU POUSE NOUVEL EVANJELIZASYON</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Sistèm kominkasyon ak media</li> <li>2. Mouvean ekkézyal</li> <li>3. Ekip Resous Ministè</li> </ol>
<p>Enterdepandans se yon gwo lide ki kouri nan seksyon sa. Kijan yon pawas ak lekol ta ka aprofondi relasyon yo pou reyalize enterdepandans let pastoral la mande ?</p>	
<p><b>D. NOUVO AJAN POU NOUVEL EVANJELIZASYON AN</b></p>	
<p>Seksyon final Pati I mansyone kek ajan ki sevi travay Nouvel Evanjelizasyon. Ki lot ajan out a ajoute nan lis la?</p>	
<p>Ki kesyon ou genyen aprè ou fin li Pati I let Pastoral la ?</p>	

PAT II: PRIORITE DIOSEZEN NOUVEL EVANJELIZASYON	Referans a Let Pastoral la
<p><b>A. KI SA NOU REYALIZE ANSANM?</b></p>	
<p>Pandans kat dènye ane yo ki chanjman w obsève nan pawas ou? Kijan chanjman sa afekte Nouvel Evanjelizasyon</p>	<p>“...renouvo dwe setenman pesonel, men li konote tou. Li afekte Dyosèz nou, pawas nou yo ak estrikti sipo lavi pawas la. »</p>
<p><b>B. KONSIDERASYON PRELIMINE</b></p>	<p>TWA KONSIDERASYON PRELIMINE</p>
<p><small>Aprè ou fin li seksyon sa, ki sa ou panse ki pi gwo defi pawas ou fe fe fas ou byen klestè-w ? Kijan ou espere pawas ou va adrese defi sa yo ?</small></p>	<p>1. Evanjelizasyon se travay Lespri Sen</p>
<p><b>C. SENK PRIYORITE DEBAZ POU NOUVEL EVANJELIZASYON</b></p>	<p>2. Défi inik : divesité etnik, chanjman demografik, pesonel ak resous disponib</p>
<p>Evèk DiMarzio endike senk priyorite debaz pou Nouvel Evanjelizasyon</p>	<p>3. Priyorite Planifikasyon</p>
<p>Pandan w-ap li seksyon san an lèt pastoral la:</p>	<p>SENK PRIYORITE DEBAZ POU NOUVEL EVANJELIZASYON</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Ki pati rezone ak vizyon pesonel ou yon pawas ki gen lavi?</li> <li>▪ Ki priyorite leve plis kesyon pou ou? Kiles yo ye?</li> </ul>	<p>1. Sipo ak fomasyon kontini pe yo</p>
<p>Seksyon sila sijere plizye aksyon yon pawas ka pran pou adrese chak nan priyorite yo. Ki repons ou pou sijesyon ki swiv yo:</p>	<p>2. Sip oak revitalizasyon kontini lekol ak pwogram fomasyon lafwa</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Chak pawas va etabli yon komite vokasyon</li> <li>▪ IEndividi va reflechi sou fason konkrè pou asiste penna pawas yo, espesyalman kirea pou reyalize ministè yo pi konple</li> <li>▪ Plis fi ak gason va ankouraje pou patisipe nan pwogram fomasyon layik “Pastoral Instiute” la ofri</li> </ul>	<p>3. Lidèchip Legliz konpetan ak fidel.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Pawas yo va idantifye nouvo lidè e fòmen yo korekteman</li> <li>▪ Fanmi yo va resewva sipo kontini pou reyalize Nouvel Evanjelizasyon</li> <li>▪ Dyosèz la va kreye yon plan aksyon konpreyansif pou adrese aspè miltip Ministè Jèn. Ki opsyon ki genyen pou sipote vizyon pastoral pou jenn yo ?</li> </ul>	<p>4. Sipo efektivite kontini fanmi Katolik</p>
<p>Evèk DiMarzio di: “Nou soti nan yon model legliz ki tap “kenve” kominote ale nan youn ki gen pou k “kreye” kominote lafwa. Ki sa chanjman sa vle di ak kijan li ka chanje lavi pawas l ? Kijan sa gen pou we ak senk priyorite debaz Nouvel Evanjelizasyon ?</p>	<p>5. Mache chache, minister ak sevis pou jenn nou yo</p>
PATI III: DEFI REKONFIGIRASYON	
<p>Rekonfigirasyon pawas ak lekol deja konmanse nan Dyosèz Brooklyn. Pandan w-ap li Pati III let pastoral la, ki kesyon leve nan ou?</p>	<p>DE PRENSIP FONDAMANTAL REKONFIGIRASYON</p>
<p>Ki defi pawas ou pral jwenn demen?</p>	<p>1. InstitiSYON LA POU SEVI BEZWEN Legliz la, manm li yo , misyon li</p>
<p>Ki resous nesese pou fe fas a defi say o?</p>	<p>2. Rekonfigirasyon dwe kreye pawas ki gennan nan sevis pi gwo misyon evanjelizasyon.</p>
<p>Pwosesis planifikasyon estratèjik ki dekri nan let pastoral la mande pou konsiltasyon, dialog ak kolaborasyon nan desiyon ki afekte pawas ak lekol yo. Kijan pwosesis planifikasyon estratèjik la ka bay pawas ou plis lavi?</p>	<p>Bi Rekonfigirasyon: Kolaborasyon maximum nan nivo local nan</p>

	desizyon konsenan fizyon ou konsolidasyon aktyel
--	--